

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN
ETAZINI

Jedi 14 Jen 2012 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Pati I an gen 50 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a gen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Pati III B a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.


PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 an.



Sous: *Exploring American History*, Globe Book Company (adapte)

1 Ki karakteristik jewografik yo te itilize pou kreye Liy Pwoklamasyon 1763?

- | | |
|-------------------|-----------------------|
| (1) Gran Lak yo | (3) Montay Apalach yo |
| (2) Montay Wochez | (4) Rivyè Mississippi |

2 Moun ki te ekri Konstitisyon an te korije yon feblès ekonomik anba Atik Konfederasyon an lè yo

- (1) te bay Kongrè a pouvwa pou enpoze ak touche lajan taks
- (2) te kreye yon branch egzekitif ki te gen prezidan an alatèt li
- (3) te bay prezidan an otorite pou negosye trete yo
- (4) te kreye yon lejislati ki gen de (2) chanm

3 Ki dokiman ki pi asosye avèk teyori kontra sosyal gouvènman John Locke?

- (1) Plan Inyon Albany
- (2) Deklarasyon Endepandans
- (3) Trete Pari (1783)
- (4) Lwa 1798 sou Sedisyon

Sèvi ak deklarasyon oratè ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 ak 5.

Oratè A: Jan Konstitisyon an ye kounye a, li pa pwoteje libète sivil yo.

Oratè B: Sistèm pouvwa ekilibre ap kontwole nenpòt abi pouvwa yon branch gouvènman an.

Oratè C: Demann majorite a ap akable minorite a.

Oratè D: Pwosesis amannman an ap pèmèt yo fè chanjman nan Konstitisyon an lè gen bezwen pou sa.

4 Kijan yo te rezoud enkyetid *Oratè A*?

- (1) adopsyon kloz fleksib
- (2) kreyasyon Chanm Reprèzantan yo
- (3) kreyasyon sistèm tribinal federal la
- (4) yo ajoute Deklarasyon Dwa Moun nan Konstitisyon an

5 Ki de (2) oratè ki sipòte ratifikasyon Konstitisyon an?

- | | |
|------------|------------|
| (1) A ak D | (3) B ak D |
| (2) A ak C | (4) B ak C |
-

6 Yon entèpretasyon serye parapò ak yon entèpretasyon vag Konstitisyon an te parèt pi akèlè nan deba sou

- (1) kreyasyon Bank Etazini nan ane 1791
- (2) desizyon pou deklare lagè kont Grannbretay nan ane 1812
- (3) aneksyon Florida nan ane 1821
- (4) piblikasyon Doktrin Monroe nan ane 1823

7 Ki tit ki montre itilizasyon konstitisyon ki pa ekri a?

- (1) **“Washington Kreye yon Kabinè”**
- (2) **“Chanm nan Vote pou Mete Andrew Johnson Annakizasyon”**
- (3) **“Sena a Rejte Trete Vèsay”**
- (4) **“Prezidan an Lonmen John Roberts pou Tribinal Siprèm”**

8 Revizyon jidisyè dekri avèk plis presizyon kòm pouvwa

- (1) prezidan an pou anile yon desizyon Tribinal Siprèm
- (2) tribinal eta yo anile desizyon Tribinal Siprèm yo
- (3) Sena a apwouve tout nominasyon prezidan an fè pou tribinal federal yo
- (4) Tribinal Siprèm pou detèmine lwa ki pa konstitisyonèl yo

9 Kisa ki te yon rezilta desizyon Tribinal Siprèm nan pwosè *Gibbons kont Ogden* (1824)?

- (1) Pouvwa gouvènman federal sou komès ant-eta yo te jwenn jarèt.
- (2) Dwa moun yo akize yo te ogmante.
- (3) Pouvwa branch jidisyè a te limite.
- (4) Tribinal la te refize tande ka ki konsène konfli ant eta yo.

10 Prezidan Andrew Jackson te itilize sistèm depouy la pou

- (1) atake Tarif Abominasyon
- (2) rekonpanse sipòtè yo avèk djòb nan gouvènman Etazini
- (3) jwenn sipò pou konstwiksyon kannal Erie
- (4) jwenn adopsyon Lwa pou Deplase Endyen yo

11 Pifò imigran ki te rive nan Etazini ant ane 1800 ak 1860 te sòti nan

- (1) Azi-de-Lès
- (2) Amerik Latin
- (3) pati nò ak lwès Ewòp
- (4) pati sid ak lèd Ewòp

12 Anvan kòmansman Lagè Sivil la, anpil dirijan politik Sid te sipòte

- (1) dwa eta yo
- (2) pi gwo to tarif
- (3) dwa pou fanm yo vote
- (4) abwogasyon Lwa kont Esklav Mawon

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 la.

... San mechanste sou pèsòn; avèk charite pou tout moun; avèk severite nan dwa, jan Bondye ban nou pou wè dwa, an nou fè efò pou fini travay n ap fè a; pou panse maleng nasyon an; pou pran swen li ki te batay, epi pou vèf/vèv li, ak òfelen li—pou fè tout sa ki ka reyalize ak renmen yon lapè ki jis ak dirab, pami nou, epi avèk tout nasyon yo.

— President Abraham Lincoln, 1865

13 Deklarasyon sa a Prezidan Lincoln te fè a te lakòz dezagreman sou

- (1) kontinyasyon yon sèvis militè
- (2) dispozisyon tè lib pou kolon yo
- (3) negosyasyon avèk nasyon etranje apre Lagè Sivil la
- (4) tretman ansyen eta konfedere yo ak dirijan yo

14 Apre Lagè Sivil la, sistèm meteyaj la te parèt nan sid la sitou kòm yon fason pou

- (1) fè vin gen plis kalite pwodiksyon agrikòl
- (2) bay travayè pou pwopriyetè plantasyon yo
- (3) bay karant (40) ak tè pou afranchi yo
- (4) garanti egalite ekonomik pou Ameriken Nwa yo

15 Nan ane 1870 yo, yo te òganize mouvman Granj lan pou sipòte enterè

- (1) sifrajèt yo
- (2) kiltivatè yo
- (3) travayè faktori yo
- (4) nouvo imigran yo

16 Apati ane 1870 yo, yo te adopte lwa Jim Crow yo nan eta Sid yo kòm yon mwayen pou

- (1) bay yon edikasyon pou ansyen esklav yo
- (2) pwoteje dwa vòt ansyen esklav yo
- (3) aplike segregasyon rasyal
- (4) asire pwoteksyon egale anba lwa a

Sèvi ak pawòl chante ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 la.

Moun Fou Kansas

Nou gen tè a pou fè lakilti ble
Ak tout sa ki bon pou manje
Epi lè nou pa t gen obligasyon oswa dèt
Nou te yon gwoup...ki amizan ak kontan

Avèk anpil danre nou kiltive toupatou,
Mwen deklare se yon mistè
Pou kisa tout kiltivatè yo enève ak plenyen
Epitou pou kisa nou gen anpil dèt konsa...

— Traditional

17 Kisa ki kòz enpòtan pwoblèm agrikilti a ki dekri nan pawòl sa yo ki nan chante a?

- (1) limite sou enpòtasyon pwodui agrikòl
- (2) gouvènman an posede chemennfè yo
- (3) twòp pwodiksyon danre agrikòl
- (4) sechrès ki dire lontan nan Midwès la

18 Nan fen ane 1800 yo, yo te itilize tèm *bawon vòlè* pou dekri kèk pwopriyetè gwo biznis sitou paske yo te

- (1) anfavè komès lib
- (2) te elimine konpetisyon avèk metòd sevè
- (3) te kont fòmasyon sosyete yo
- (4) te bay travayè yo gwo salè

19 Pandan fen ane 1800 yo, ki devlopman ki te mennen nan yon lòt twa (3) yo?

- (1) fòmasyon sendika yo
- (2) ogmantasyon demann pou resous natirèl
- (3) règleman federal fidisi komèsyal yo
- (4) kwasans endistri

20 *Lawont Vil (The Shame of the Cities)* yo Lincoln Steffens ak *Istwa Konpayi Petwòl Estanda (The History of the Standard Oil)* Ida Tarbell se egzanp itilizasyon

- (1) Gospel of Wealth (Levanjil Richès)
- (2) teyori mèltingpòt
- (3) Dawinis Sosyal
- (4) jounalis ankèt

21 Lwa sou Enspeksyon Vyann (1906) ak Lwa sou Pèfeksyon Manje ak Medikaman (1906) se te efò gouvènman federal la pou

- (1) pwoteje sante ak sekirite piblik
- (2) sipòte monopòl biznis yo
- (3) mete restriksyon sou konpetisyon etranje
- (4) kontwòle travay timoun

22 Kowolè Prezidan Theodore Roosevelt nan Doktrin Monroe te afekte Amerik Latin sitou lè li


- (1) te garanti dwa moun toupatou nan Emisfè Oksidantal la
- (2) te sipòte mouvman endepandans nan anpil peyi
- (3) te ankouraje imigrasyon nan Etazini
- (4) te ogmante entèvansyon Etazini nan rejyon an

23 “Sena Etazini te Kritike kòm ‘Klib Milyonè’ ”

Ki aksyon ki te rezoud pwoblèm tit Epòk Pwogresis te sijere a?

- (1) fè eleksyon dirèk senatè yo
- (2) ogmante kantite senatè nan chak eta
- (3) diminye dire manda fonksyon pou yon senatè
- (4) bay dwa vòt pou sitwayen ki gen laj dizwit (18) ane yo

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 24.



Sous: Library of Congress, Prints and Photographs Division

24 Yo te itilize afich sa a pandan administrasyon Prezidan Woodrow Wilson pou

- (1) konvenk gason yo pou yo anwole nan sèvis militè
- (2) ede finanse efò lagè a
- (3) sipòte manm yo na Lig Nasyon
- (4) montre enpòtans objektif Katòz Pwen yo

25 Laperèz Wouj, devlopman Kouklouksklan, ak kondanasyon ansasen Sacco ak Vanzetti te jwenn enfliyans

- (1) ogmantasyon krim òganize
- (2) adopsyon lwa sou kota imigrasyon
- (3) yon mefyan sou etranje yo
- (4) yon efò pou sispann fasism

26 "... Sistèm otonomi nou an nèt ap kraze swa si ofisyèl yo chwazi ki lwa y ap aplike oswa si sitwayen yo chwazi ki lwa y ap sipòte. Pi move dezobeyisans pou kèk lwa sèke li detwi respè pou tout lwa...."

— President Herbert Hoover, 1929

Sou ki pwoblèm Prezidan Hoover ap diskite nan deklarasyon sa a?

- (1) Pwoyibisyon nasyonal
- (2) pwoteksyon anviwònman
- (3) taks pou Sekirite Sosyal
- (4) dwa pou fanm yo vote

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27.



Sous: Graphic of National Recovery Act (NRA) Blue Eagle, National Archives and Records Administration

27 Sosyete ki endike nan afich sa a te deziyen pou la ant

- (1) biznis ak gouvènman
- (2) konsomatè ak pwodiktè
- (3) travayè ak moun ki pran retrèt
- (4) sosyalis ak kapitalis

28 Kisa ki te yon kòz prensipal Gran Depresyon ane 1930 yo?

- (1) Yo te adopte twòp lwa antitwòs.
- (2) Yo te diminye tarif sou machandiz manifakti etranje yo.
- (3) Distribisyon revni pa t egalego.
- (4) Yo pa t limite imigrasyon.

29 Ki aksyon ki se yon egzantp apezman entènasyonal?

- (1) Kongrè a ki otorize Pwojè Manhattan
- (2) Japon ki atake Pearl Harbor
- (3) Almay ki siyen yon pak non-agresyon avèk Inyon Sovyetik
- (4) Grannbretay ak Lafrans ki dakò pou demann Hitler fè pou jwenn yon pati nan Tchekoslovaki

30 Prezidan Franklin D. Roosevelt te di Etazini te bezwen vin "gwo asenal demokrasi" sitou paske li t ap eseye

- (1) ogmante kantite jij Tribinal Siprèm
- (2) ede nasyon alye yo
- (3) limite enfliyans endistri defans lan
- (4) jwenn sipò piblik la pou yon twazyèm manda

31 Pwosè Krim Lagè Nuremberg ane 1945–1949 te kreye reyalite anvan ki endike

- (1) Etazini pa ta dwe pran angajman avèk nasyon etranje
- (2) yo pa kapab fè dirijan militè yo responsab pou aksyon yo nan lagè
- (3) yo ka jije moun pou krim kont limanite
- (4) sòlda yo dwe obeyi yon lòd menmsi lòd la pa annamoni avèk valè debaz imanite

32 Pwojè-Lwa GI te ede sòlda ki te sèv nan Dezyèm Gè Mondyal avèk

- (1) egzijans pou anwole yo nan fòs lame
- (2) finansman edikasyon pou veteran yo nan kolèj
- (3) egzijans pou fanm yo remèt djòb lagè yo ba gason yo
- (4) eliminasyon règ ansyènte sendika ki nuizib pou veteran yo

- 33 Yo te itilize pon ayeryen Bèlen an pandan Gè-Fwad la pou
- (1) pote sekou pou moun ki t ap kite Almay-de-Lwès
 - (2) pa kite yon kominis pran kontwòl Lagrès ak Latiki
 - (3) metrize yon blokis Inyon Sovyetik te kreye
 - (4) sipòte efò lapè Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN)

- 34 McCarthyism nan ane 1950 yo pi asosye avèk
- (1) reklamasyon ki endike kominis yo te antre nan gouvènman federal la an mètdam
 - (2) efò pou pa kite gen gouvènman ki anfavè kominis nan Amerik Latin
 - (3) fòmasyon Pak Vasovi
 - (4) adopsyon Lwa sou Otowout Entè-Eta

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 35 ak 36.

... Li enpòtan pou tout sitwayen nou yo konprann rezon pou aksyon mwèn an. Tankou ou konnen, Tribinal Siprèm Etazini te deside sant edikasyon piblik apa pou ras yo pa egalego ditou, epi poutèt sa, lwa sou segregasyon obligatwa lekòl yo pa konstitisyonèl...

— President Dwight D. Eisenhower, September 24, 1957

- 35 Ki pwosè Tribinal Siprèm ki endike nan sitasyon sa a?
- (1) *Dred Scott* kont *Sanford*
 - (2) *Brown* kont *Konsèy Edikasyon Topeka*
 - (3) *Heart of Atlanta Motel* kont *Etazini*
 - (4) *Tinker* kont *Distri Lekòl Des Moines*

- 36 Ki mezi Prezidan Dwight D. Eisenhower te pran pou aplike desizyon Tribinal Siprèm?
- (1) pase lòd pou fèmen Central High School ki nan Little Rock, Arkansas
 - (2) voye twoup Fòs Lame Etazini pou aplike entegrasyon nan lekòl la
 - (3) pwopoze lwa pou sipòte segregasyon lekòl la
 - (4) transfere elèv blan yo nan yon nouvo lekòl segondè leta

- 37 Ki mezi ki se pi bon egzanp itilizasyon dezobeyisans sivil?
- (1) adopsyon Lwa 1965 sou Dwa pou Vote
 - (2) fè presyon sou Kongrè a pou elimine taks lokal yo
 - (3) patisipe nan yon rasanbleman politik nan Iowa
 - (4) fè manifestasyon nan restoran yo nan Sid

Sèvi ak pawòl chante ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 38 la.

... Vini manman ak papa yo
 Toupatou nan teritwa a
 Epi pa kritike
 Sa ou pa kapab konprann
 Pitit gason ak pitit fi ou yo
 Pa obeyi kòmman ou
 Ansyen wout ou a
 Ap pran laj rapid'.
 Tanpri sòti nan nouvo a
 Si ou pa kapab bay èd ou
 Pou moman yo se yon ...k ap chanje
 — Bob Dylan, "The Times They Are A-Changin'," 1963

- 38 Sou ki enkyetid ane 1960 yo otè pawòl sa yo fè kòmantè a?
- (1) povrete rural
 - (2) analfabetis adilt
 - (3) pwoteksyon anviwònman
 - (4) eka ki nan jenerasyon an

- 39 Trete Limit Zam Estratejik (SALT), Prezidan Richard Nixon te siyen avèk Inyon Sovyetik, se te yon efò pou avanse politik etranje
- (1) detant lan
 - (2) enperyalis
 - (3) tenasite
 - (4) globalizasyon

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 40 lan.



Sous: Sean Delonas, *New York Post*, 1991

40 Lide prensipal komik ane 1991 sa a sèke Prezidan George H. W. Bush

- (1) te retire Saddam Hussein sou pouvwa a avèk siksè nan peyi Irak
- (2) gen yon bon dosye rediksyon krim nan vil Lamerik yo
- (3) te rezoud pwoblèm politik etranje yo, men gen pwoblèm ekonomik
- (4) prepare pou fè kèk amelyorasyon nan ekonomi an

41 Yon karakteristik inik eleksyon 2000 pou prezidan ant George W. Bush ak Al Gore sèke

- (1) Tribinal Siprèm te jwe yon wòl enpòtan nan rezilta final la
- (2) pa t gen kandida twazyèm pati nan eskriten an
- (3) toulède kandida yo se travay anvan kòm vis-prezidan
- (4) yo te separe vòt elektoral yo nan Florida ant kandida yo

42 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

I. _____

- A. Restriksyon sou komès
- B. Lesefè
- C. Teyori redistribisyon
- D. Kontwòl salè ak pri

- (1) Refòm sosyal
- (2) Amannman Konstitisyonèl
- (3) Politik Ekonomik
- (4) Kwayans Relijye

Sèvi ak komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 a.



Sous: Joel Pett, *Lexington Leader-Herald*, May 24, 2004

- 43 Objektif prensipal komik sa a se pou montre kijan
- (1) rechofman global se yon teyori ki pwouve
 - (2) yo dwe chèche lòt rezèv petwòl
 - (3) moun yo kontribiye nan pwoblèm anviwònman an
 - (4) pwosperite depannde plis lavant otomobil
-
- 44 Ernest Hemingway, F. Scott Fitzgerald, ak Sinclair Lewis se te otè popilè ki te ekri souvan sou
- (1) pwoblèm lavi nan vil yo nan ane 1890 yo
 - (2) desepsyon avèk soyete ameriken an nan ane 1920 yo
 - (3) migrasyon kiltivatè yo nan ane 1930 yo
 - (4) polisyon dlo ak lè nan ane 1960 yo
- 45 Chanjman nan politik yo pandan administrasyon Prezidan Woodrow Wilson ak Prezidan Franklin D. Roosevelt montre kijan
- (1) lagè kapab enfluyans pwogram refòm lokal yo
 - (2) opinyon piblik la kont depans defisi bidjetè a anjeneral
 - (3) prezidan yo pèdi pouvwa yo souvan pandan lagè
 - (4) agrandisman teritwa Etazini pèmèt gen kwasans ekonomik

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 46 la.



Sous: Mark Bauerlein et al., Legacy Publishing

- 46 Kondisyon tankou sa yo montre nan foto a te fini legalman avèk
- (1) piblikasyon Pwoklamasyon Emansipasyon nan ane 1863
 - (2) ratifikasyon 15yèm amannman an nan ane 1870
 - (3) desizyon nan pwosè *Plessy* kont *Ferguson* nan ane 1896
 - (4) adopsyon Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo
-
- 47 Tèm *Teapot Dome*, *Watergate*, ak *Iran-Contra* pi asosye avèk
- (1) politik lokal yo
 - (2) eskandal prezidansyèl
 - (3) desizyon tribinal federal
 - (4) mouvman refòm ki pa gen siksè
- 48 Yon fason Nyoudil ak Gran Sosyete sanble sèke toulède pwogram yo te baze sou konviksyon ki endike
- (1) òganizasyon volontè yo ta dwe pran kontwòl efò sekou federal yo
 - (2) gouvènman an ta dwe mete mwens règleman sou biznis yo
 - (3) eta yo ta dwe peye yon pi gwo pòsyon nan depans pwogram federal yo
 - (4) gouvènman federal la ta dwe fè plis efò pou ede sitwayen ki nan nesosite yo

49 Desizyon Tribinal Siprèm nan pwosè *Schenck* kont *Etazini* (1919) ak adopsyon Lwa Patriyòt Etazini (2001) montre kijan prensip ki endike gouvènman federal la kapab

- (1) garanti sitwayen yo dwa pou yo gen zam
- (2) mete restriksyon sou pouvwa prezidan an
- (3) limite dwa moun yo nan moman ijans nasyonal
- (4) ogmante libète ki pwoteje nan Deklarasyon Dwa Moun

50 Depi Dezyèm Gè Mondyal la te fini (1945), ki gwo efè sa te genyen sou chanjman popilasyon an nan Etazini?

- (1) Sistèm Sekirite Sosyal la te fè fayit.
- (2) Demann pou sant medikal yo te diminye.
- (3) Twòp travayè ki pa kalifye te lakòz ogmantasyon imigrasyon.
- (4) Zòn vilaj yo te devlope pi vit pase vil yo.

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon an nan tiliv redaksyon apa a.

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a ak yon konklizyon.

Tèm: Politik Etranje Etazini

Prezidan Etazini yo pran desizyon sou politik etranje souvan nan yon efò pou rezoud pwoblèm entènasyonal yo. Desizyon sa yo te gen yon konsekans sou Etazini ak sou lòt peyi yo oswa rejyon yo.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** desizyon prezidan sou politik etranje, epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki sipòte desizyon an
- Diskite sou yon konsekans desizyon an te genyen sou Etazini
- Diskite sou yon konsekans desizyon an te genyen sou yon lòt peyi oswa rejyon

Ou ka itilize nenpòt desizyon politik etranje prezidan ki konsène yon pwoblèm entènasyonal nan etid istwa Etazini ou. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere: James K. Polk ki voye twoup nan Rio Grande (1846), William McKinley ki deside anekse Filipin (1898), Woodrow Wilson ki mande yon deklarasyon lagè (1917), Harry Truman ki deside itilize bonm atomik (1945), John F. Kennedy ki mete Kiba an karantèn (1962), Lyndon B. Johnson ki voye twoup konba nan Vyetnam (1965–1968), Richard Nixon ki amelyore relasyon avèk Lachin (1972), George H. W. Bush ki voye twoup nan Kowet (1990–1991), ak George W. Bush ki voye twoup nan Irak (2003).

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou:

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp, ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay, sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Paj sa a rete vid toutespre.

ALE NAN PWOCHEN PAJ LA ➡

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nennpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pandan tout istwa Etazini, mouvman yo t ap chèche pote chanjman ekonomik, politik ak sosyal. Mouvman sa yo te gen yon konsekans enpòtan sou Etazini ak sou sosyete ameriken an. Mouvman sa yo gen ladan **mouvman abolisyonis, mouvman travayè yo, ak mouvman pou dwa pou fanm yo vote.**

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** mouvman ki endike nan kontèks istorik la, epi pou yo **chak**


- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz mouvman sa a
- Dekri kijan mouvman sa a te eseye reyalize objektif li yo
- Diskite sou konsekans mouvman sa a te genyen sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1a



Sous: *Historical Statistics of the United States, Colonial Times to 1970* (adapte)

1a Selon graf sa yo endike **yon** relasyon ant pwodiksyon koton ak ogmantasyon esklavaj ant ane 1800 ak 1860. [1]

Score

Dokiman 1b

James L. Bradley ki te fèt nan Afrik se te yon esklav ki te achte libète li. Nan ane 1834, pandan yon elèv ki te nan Lane Seminary nan Cincinnati, Ohio, li te ekri yon ti kontrandi sou lavi li. Sa a se yon ekstrè nan kontrandi li a.

... Mwen pral kòmanse jouk nan tan mwen kapab sonje. Mwen panse mwen te ant de (2) ak twa (3) ane lè moun san entèlijans yo te rache mwen nan bra manman mwen, yon kote nan Afrik, lwen nan lanmè a. Yo te mennen mwen nan yon distans long nan yon bato; pandan tout vwayaj la, mwen t ap gade dèyè, epi mwen t ap kriye. Bato a te chaje gason ak fanm yo te anbake avèk chè; men mwen te tèlman piti, sa fè yo te kite mwen kouri sou pon an.

Aprè anpil jou long, yo te mennen nou nan Charleston, South Carolina. Yon mèt esklav te achte mwen, epi li te mennen mwen jouk nan Konte Pendleton. Mwen sipoze mwen te la [rete] avèk li pandan apeprè sis (6) mwa. Li te vann mwen ba yon Mesye Bradley, yon moun ki gen yo pa t janm rele mwen. Yo te konsidere nonm sa a kòm yon trè bon mèt; epi se vrè yo te trete mwen pi byen pase pifò esklav mwen te konnen yo. Mwen pa t janm soufri pou manje, epi yo pa t janm bat mwen avèk fwèt; men oh, nanm mwen! Mwen te toumante avèk koutpye ak kou plis pase mwen kapab di. Mèt mwen te souvan lage m atè, lè mwen te jèn. Yon jou, lè mwen te yon ti gason, apeprè nèf (9) ane, li te frape mwen tèlman di sa te fè mwen tonbe ak pèdi sans mwen yo. Mwen te sonje kèk fwa, ak lè mwen te vin sa mwen ye a, li te di mwen li te panse li te touye mwen. Yon lòt fwa, li te frape mwen avèk yon etriy [peny metal yo itilize pou pran swen cheval], epi li te voye rabo a sou tèt mwen. Mwen te di mwen te gen ase manje; mwen swete mwen kapab di menm bagay la konsènan rad mwen. Mwen te kite sijè a poukont li, paske mwen pa t kapab reflechi sou nenpòt pawòl konvnan pou itilize nan di ou....

Sous: Bailey and Kennedy, eds., *The American Spirit, Volume I: To 1877*, Houghton Mifflin, 1998

1b Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** difikilte James L. Bradley te genyen kòm yon esklav? [1]

Score

Dokiman 2

... Te gen anpil diferans taktik ant [Frederick] Douglass ak William Lloyd Garrison, abolisyonis blan ak editè *The Liberator*—anpil diferans ant nwa [Ameriken Nwa] ak abolisyonis blan yo anjeneral. Moun nwa yo te plis vle angaje nan revòlt [rebelyon] avèk zam, men yo te pi pare tou pou itilize aparèy politik ki egziste yo—bwat bilten, Konstitisyon an—nenpòt bagay pou fè kòz yo avanse. Yo pa t absoli sou plan moral nan taktik yo menm jan ak Garisonyen yo. Presyon moral pa ta fè sa poukont li, moun nwa yo te konnen sa; li ta pran tout kalite taktik, depi eleksyon pou rive nan rebelyon...

Abolisyonis blan yo te fè travay avèk kouraj ak travay piyonye, sou platfòm konferans, nan jounal, ak nan Rezo Sekrè pou Ede Esklav Mawon. Abolisyonis nwa yo, ki te mwen sansibilize opinyon piblik la, se te potò-mitan mouvman anti-esklavajis la. Anvan Garrison te pibliye *Liberator* selèb li a nan Boston nan ane 1831, lè yo te òganize premye konvansyon nasyonal Nèg yo, David Walker te deja ekri “Fè Apèl Kont” li a, epi yon magazin abolisyonis nwa ki rele *Freedom’s Journal* te parèt. Nan premye vennsenk (25) abònè *The Liberator*, pifò ladan yo te moun nwa...

Sous: Howard Zinn, *A People’s History of the United States, 1492–Present*, Harper Perennial, 2003

2 Dapre Howard Zinn, kisa ki te **yon** metòd abolisyonis yo te itilize pou reyalize objektif yo? [1]

Score

Dokiman 3

... Yo dwe jije siksè oswa echèk abolisyonis lan kont kesyon ki pi jeneral, kisa ki te responsab? Nan rezoud pwoblèm ki lakòz plis divizyon nan istwa ameriken an, esklavaj, abolisyonis te bay vwa konsyans lan. Li te ede anpil ak yon pakèt moun nwa natifnatal, li te fè nasyon an rekonèt dwa inivèsèl yo, epi li te pèmèt yo mete dwa sa yo nan Konstitisyon an.

Menm “erè” abolisyonis lan te gen konsekans enteresan. Pa egzanp, paske abolisyonis gason yo pa t goumen pou mete mo “fanm” nan Trèzyèm*, Katòzyèm, ak Kenzyèm amannman yo, mouvman pou dwa fanm yo te lakòz yon kòlè vyolan....

Sous: Wendy McElroy, “The Abolitionist Adventure,” The Independent Institute, July 1, 2003

*13yèm amannman an te aplike egalego pou fanm yo ak gason yo.

3 Dapre Wendy McElroy, kisa ki te **de (2)** konsekans mouvman abolisyonis lan? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 4

Reprezantan *The Harbinger* te vizite faktori yo nan Lowell, Massachusetts, ak nan Manchester, New Hampshire. Sa a se yon ekstrè nan rapò magazin rezilta li yo.

... Fi yo [nan Lowell Mills] te patisipe nan yon mwayèn twa (3) metye tisaj; anpil te patisipe nan kat (4), men sa mande yon moun trè aktif, ak plis swen san pran souf [konstan]. Men, yon gwo kantite fè sa. Atansyon a de (2) se menm kantite yo ta dwe mande yon anplwaye. Sa ban nou menm lide aplikasyon ki obligatwa pandan trèz (13) èdtan travay pa jou a. Atmosfè yon sal konsa pa kapab ekselan; okontrè, li plen filaman koton ak pousyè, ki trè danjere pou poumon yo, dapre sa yo di nou.

Lè nou te antre nan sal la, menmsi li te fè cho nan lajounen an, nou te remake fenèt yo te fèmen. Nou te mande pou kisa, epi yon jèn fanm te reponn nan yon fason trè nayif, san li pa t sanble konnen omwen entèdiksyon pou jwenn lè fre a sa te nenpòt lòt bagay pase sa ki nòmal nèt, pou di “lè van t ap vante, fil yo pa t travay byen.” Apre nou te rete nan sal la pandan kenz (15) oswa ven (20) minit, nou te rekonèt nou, jan lòt ki te akonpaye nou yo te rekonèt tèt yo, nou te swe nèt, akòz yon sèten imidite nou te obsève nan lè a, epitou akòz chalè a....


Sous: “The Female Workers of Lowell,” *The Harbinger*, November 14, 1836

- 4 Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** kondisyon travayè faktori yo te genyen nan Lowell Mills nan ane 1830 yo? [1]

Score

Dokiman 5

Evènman yo Chwazi nan Istwa Travay



5 Dapre kwonoloji sa a, kisa ki te **yon** fason travayè yo te reponn nan kondisyon travay yo ant ane 1869 ak 1902? [1]

Score

Dokiman 6a

... Yon pi bon relasyon ant travay ak direksyon se objektif avanse Lwa sa a. Lè li bay anplwaye yo garanti pou dwa pou negosyasyon ant patwon ak travayè, li ankouraje devlopman kontra travay sou yon baz solid ak ekitab. Lè li bay yon pwosedi annòd pou detèmine kimoun ki gen dwa pou reprezante anplwaye yo, li gen objektif pou retire youn nan kòz prensipal konfli ekonomik inital yo. Lè li anpeche pratik ki ka detwi endepandans travay, l ap chèche, pou chak travayè ki nan kompetans li, libète pou chwazi ak pou fè aksyon, ki se senpleman... li.

Sous: President Franklin D. Roosevelt, Statement on Signing the National Labor Relations [Wagner] Act, July 5, 1935

6a Dapre Prezidan Franklin D. Roosevelt, kisa ki te **yon** fason Lwa [Wagner] sou Relasyon Travay afekte travayè yo? [1]

Score

Dokiman 6b

Kongrè a te vote Lwa sou Prensip Travay San Patipri nan ane 1938.

DWA ANPLWAYE YO ANBA LWA SOU PRENSIP TRAVAY SAN PATIPRI

DEPATMAN DIVIZYON SALÈ AK ORÈ TRAVAY ETAZINI

SALÈ MINIMÒM FEDERAL

\$5.85 PA
ÈDTAN

APATI 24 JIYÈ 2007

\$6.55 PA
ÈDTAN

APATI 24 JIYÈ 2008

\$7.25 PA
ÈDTAN

APATI 24 JIYÈ 2009

PEMAN POU TRAVAY SIPLEMANTÈ

Omwen 1½ fwa salè pa èdtan regilye ou pou tout èdtan ou te travay ki depase 40 nan yon semèn travay.

TRAVAY JÈN MOUN

Yon anplwaye dwe omwen gen laj **16** ane pou li travay nan pifò djòb ki pa sou bitasyon agrikòl, ak omwen **18** ane pou li travay nan djòb ki pa sou bitasyon agrikòl epi Sekretè Travay la deklare ki danjere.

Jèn moun ki gen laj **14** ane ak jèn moun ki gen laj **15** ane ka travay deyò orè lekòl yo nan plizyè djòb ki pa manifakti, ki pa min, epi ki pa danjere anba kondisyon sa yo:

Pa plis pase

- **3** èdtan nan yon jou lekòl, oswa **18** èdtan nan yon semèn lekòl;
- **8** èdtan nan yon jou ki pa gen lekòl, oswa **40** èdtan nan yon semèn ki pa gen lekòl.

Epitou, travay la pa ka kòmanse anvan **7 a.m.**, oswa li pa ka fini apre **7 p.m.**, sof ant 1ye jen ak Jou Fèt Travay, lè yo pwolonje orè aswè yo jiska **9 p.m.**

Diferan règ aplike nan travay agrikòl. Pou jwenn plis enfòmasyon an, ale nan entènèt nan sitwèb YouthRules! Nan adrès **www.youthrules.gov**.

Sous: U.S. Department of Labor, 2007 (adapte)

6b Dapre afich Depatman Travay, kisa ki se **yon** fason Lwa sou Prensip Travay San Patipri kontinye afekte travayè yo? [1]

Score

Dokiman 7a

... Fanm ki nan kuizin Mary McClintock [yon òganizatè Konvansyon Seneca Falls] te konkli aksyon sa a te nesèsè, epi li te detèmine pou mande yon konvansyon sou dwa fanm yo nan semèn k ap vini an, 19 ak 20 jiyè [1848]. Nan dènye moman an, plis pase de san (200) fanm ak apeprè karant (40) gason ki sòti toupatou nan vilaj yo ak andeyò peyi a te vini nan reyinyon an nan Wesleyan Chapel nan Seneca Falls. Yo te dwe konnen yon evènman konsa te nouvo nèt. Poutèt sa, dirijan yo te konvenk James Mott pou prezide reyinyon an, paske yo te febli [tranble] devan yon gwo piblik melanje konsa. Epoutan fanm yo ki nan Seneca Falls te pote yon tradisyon aktivite fanm ki te la depi sèt (7) ane. Anpil te vwayaje nan menm wout la plizyè fwa pou patisipe nan renouvo, reyinyon misyonè, ak rasanbleman fanm nan menm moderasyon, refòm moral, ak abolisyon. Jenerasyon manman yo se te fòs prensipal Gran Revèy la de (2) peryòd dizan anvan. Grann yo ak gran-grann yo te bòykote te, yo te fofile ak tise twal pou fòs lame, epi yo te kwè yo “te fèt pou libète.” Lè òganizatè konvansyon an te kòmanse ekri yon deklarasyon pou òganizasyon an diskite sou li, yo te retounen nan eritaj zansèt revolisyonè yo: Yo te ekri: “Nou kenbe verite sa yo kòm verite ki klè, tout gason ak fanm te kreye egalego.” ...

Sous: Sara M. Evans, *Born for Liberty: A History of Women in America*, The Free Press, 1989

7a Dapre Sara M. Evans, kisa ki te **yon** eksperyans fanm ki te kontribiye nan demann yo pou egalite? [1]

Score

Dokiman 7b

... Istwa limanite se yon istwa domaj ak izipasyon [sezi] repete gason fè sou fan, lè gason gen objektif dirèk pou kreye yon tirani absoli sou fanm. Pou pwouve sa, an nou kite reyalite yo soumèt nan yon sensè.

Li pa t janm pèmèt egzès dwa li yo pa kapab anile nan franchiz eleksyon.

Li te egzije li respekte lwa yo, nan fòmasyon an li pa t ka di anyen....

Li te fè li, si li marye, nan zye lalwa, mouri sou plan sivil.

Li te pran nan men li tout dwa nan pwopriyete, menm salè li touche....

Aprè li retire tout dwa li yo kòm yon fanm marye, si li selibatè, ak mèt pwopriyete, li te fè li peye taks pou sipòte yon gouvènman ki rekonèt li sèlman lè pwopriyete a kapab fè li gen avantaj ladan....

Sous: Seneca Falls *Declaration of Sentiments*, 1848

7b Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** doleyans ki deklare nan *Deklarasyon Santiman Seneca Falls*? [1]

Score

Dokiman 8a



Sous: Library of Congress, 1917 (adapte)

Dokiman 8b

... Jan [Elizabeth Cady] Stanton te prevwa, eksperyans pwofesyonèl ak taktik fanmi yo te kontribiye avèk fòs nan mouvman ki jwenn anpil sipò pou dwa pou fanm yo vote. NAWSA [Asosyasyon Nasyonal Ameriken pou Dwa Vòt Fanm yo] te pwouve li se yon òganizasyon ki efikas epi ki gen kouraj Kantite manm li yo te ogmante selon yon kwasans jewometrik, ant 13,150 nan ane 1893 ak plis pase de (2) milyon nan ane 1917. Sifrajèt yo òganize anpil santèn kanpay nan konvansyon pati a, nan lejislati yo, ak nan konvokasyon [asanble] konstitisyonèl yo. Yo te ranmase anpil milyon dola, sitou an ti kantite. Anpil ak yon pakèt gason te patisipe nan veye, parad, grèv grangou, ak envazyon ilegal nan biwo vòt yo. Anpil douzèn te ale nan prizon, epi yo te peye amann. Nan ane 1873, yo te arete Susan B. Anthony pou krim federal poutèt li “te vote san li pa t gen dwa legal pou vote.” Nan pwosè li ki te atire atansyon piblik la anpil nan Rochester, New York, yon jij ki te mete jiri a soukote epi ki te gen pwendvi li ki te ekri anvan pwosè a te konvenk Susan B. Anthony, epi jij la te fè li peye yon amann...

Sous: Sandra F. VanBurkleo, “No Rights But Human Rights: The Emancipation of American Women,” *Constitution*, Spring-Summer, 1990

8 Dapre dokiman sa yo, kisa ki te **de (2)** metòd gwoup dwa fanm yo te itilize pou enfluyans opinyon piblik ameriken an? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 9

... Jan sa te parèt, dwa pou fanm yo vote te gen yon ti kantite konsekans, bon oswa move. Anpil milyon fanm te vote (menmsi se pa t nan menm pwopòsyon avèk gason yo), fanm yo te pase nan eleksyon pou fonksyon piblik (plizyè te eli nan Kongrè a nan fen ane 1920 yo), men nouvo elektora a te lakòz apèn yon konsekans negatif nan lavi politik ameriken an. Fanm tankou Jane Addams te bay gwo kontribisyon, men li ta difisil pou montre yo te reyalize plis bagay apre yo te jwenn dwa pou yo vote a pase anvan. Anjeneral, yo te kwè, menmsi sa pa t janm pwouve, fanm yo te lage yon bilten “sèk” pou Hoover nan ane 1928, epi fanm yo te pi ka deplase plis pase gason yo pou lage yon bilten pou “kesyon moral”. Sinon, latè t ap vire toutotou pi vit pase jan li te vire toutotou anvan...

Sous: William E. Leuchtenburg, *The Perils of Prosperity, 1914–32*, University of Chicago Press, 1958

9 Dapre William E. Leuchtenburg, kisa ki te **yon** rezilta dwa pou fanm yo vote sou sosyete ameriken? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat* (4) dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pandan tout istwa Etazini, mouvman yo t ap chèche pote chanjman ekonomik, politik ak sosyal. Mouvman sa yo te gen yon konsekans enpòtan sou Etazini ak sou sosyete ameriken an. Mouvman sa yo gen ladan **mouvman abolisyonis, mouvman travayè yo, ak mouvman pou dwa pou fanm yo vote.**

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote w ap

Chwazi **de** (2) mouvman ki endike nan kontèks istorik la, epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz mouvman sa a
- Dekri kijan mouvman sa a te eseye reyalize objektif li yo
- Diskite sou konsekans mouvman sa a te genyen sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou:

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki sòti nan *omwen kat* (4) dokiman
- Mete lòt enfòmasyon enpòtan ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp, ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

